

Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 47 (7187) 20 ноябрь Рузман 2015 сон. Газета биччала моцІида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ



## «Унсоколо район» МОялъул БетІерлъун вищана ГІ. М. НурмухІамадов



**2015 соналъул 13 ноябралда районалъул администрациялъул конференц-залалда букІана районалъул депутатазул Собраниялъул сессиялъул иргадулаб гуреб заседание.**

**Сессиялда гІахьаллъана ДРялъул МугІрузулаб территориалияб округалъул нухмалъулесул зам. ГІамирхан МухІамаддадаев, РДялъул БетІерасул ва Правительствалъул правовияб управлениялъул начальникасул зам. конкурсалъулаб комиссиялъул пред. Малачиханов ХІайбула МухІамадович, районалъул Собраниялъул депутатал, районалъул нухмалъулесул хасаб распоряжениялда рекъон хІалтІулеб конкурсалъулаб комиссия, росабазул бутІрул, предприятиял-организациязул ва отделазул нухмалъулел.**

Сессиялъул балагьиялде босун букІана «Унсоколо район» мунипалияб гІуцІиялъул бетІер вищи»,-абураб суал. Заседание рагьана районалъул Собраниялъул пред. Асадулаев Казим Жамаловичас. – КІудияб политикияб лъугьа-бахъин кколеб буго жакъа районалда,-ян абуна гьес, вищулев вуго районалъул бетІер. Районалъул гІумро лъикІаб рахъалде свериялъе кинабго гьабизе тІадаб буго гьесул бетІерлъиялда гъоркь нилъеда. Хадубги гьес тІадчІей гьабуна; исана тІоцебе районалда хІалтІизабулеб бугин хасаб комиссиялъ этапалъулаб къагІидаялъ халккун районалъул бетІер вищулеб къагІида,-абун. Гьенибго конкурсалъулаб комиссиялъул хІалтІул ккарал хІасилазул бицана комиссиялъул нухмалъулев ХІайбула Малачихановас. Бихьизабуна кинабго рахъги хІисабалде босун «Унсоколо район» МОялъул БетІерлъун вищанин НурмухІамадов ГІиса МухІамадович,-абун.

КІалъазе рахъараз ГІ. НурмухІамадовасда баркана кІудияб жавабчилъиялъулаб хІалтІи.

## РакІ-ракІалъ баркула!

ХІурматияв ГІиса МухІамадович!

Баркула, Дуда, «Унсоколо район» МОялъул бетІерлъун вищи. РакІ-ракІалъ гьарула цІиял ишазулъ икъбал, хІисабалде босараб кинабго гІумроялде бахъин, рахъ кколезул цІикІкІараб кумек щвей. Биччанте Дур къвакІараб гІамал-хасияталъ Дуда дандчІвалел киналго захІмалъаби тІад чІун къвинаризе кумек гьабизе. Щулияб сахлъи, къуват, къо хІехьей, Дуе!

Нижер рахъалдасан рагІи кьола Дуе цадахъ рекъон хІалтІизе гъира букІинелъун кинабго гьабизе, нилъер цадахъаб захІмат районалда цере чІарал масъалаби хІасил кьоледухъ тІуразариялде буссинабизе.

***ХІурматгун «Унсоколо район» МОялъул коллектив ва «Ахихъан» газеталъул редколлегия***

*Терроризм-экстремизм*

## ТІадеги тадбиралги гьарун



**Арал къоязда Шамильхъалаялда тІобитІана «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасул бетІерлъиялда АТКялъул заседание. Гьениб гІахьаллъи гьабуна республикаялъул БетІерасул мугІрузул территориалияб округалда вугев вакил ГІ. МухІамаддадаевас, РДялъул бетІерасул кумекчи, РДялъул АТКялъул аппаратальул вакил С. Сайповас.**

АТКялъул заседаниялда гьоркьоб лъун букІана «Законалде данде кколарел яргъид гІуцІаразул хІаракатчилъиялъулъе гІахьаллъаразе Россиялъул гІорхъи бахун къватІире унел гІадамал гьукъиялъе ва САРалъул рагъулал лъугьа-бахъинал ккарал зонабаздаса ДРялде тІад руссарал гІадамазулгун гьабулеб профилактикиябгун лъазабиялъул хІалтІи камиллъизабиялъе тІадеги профилактикиял тадбирал хІадур гьариялъул хІакъалъулъ суал.

Заседаниялде босараб кІиабилеб суал букІана «Халкъазда гьоркьосеб терроризмалде данде къеркьеялъе РФялъул руководствоялъ къабул гьарурал тадбиразул рахъ кквеялъул мурадалда РДялъул исполнительнияб властальул органалги, росабазул гІадамалги, общественниял вакилзабиги, гьелдаго цадахъ гІолилал, диниял организациялги гІахьал гьарун жамагІатазул данделъаби ахІиялъул ва халкъазда гьоркьосел терроралъул органазул хІаракатчилъиялъулъ гІахьаллъизе гІорхъи бахун къватІире гІолилал иналъул суал гьоркьоб лъеялъул хІакъалъулъ 2015 соналъул 10 октябралда РДялъул АТКялъул заседаниялъул хІукму тІубазабиялъул бугеб хІалалъул хІакъалъулъ».

*(Ахир 2 гьумералда)*

## ГІолилал битІараб нухда чІезелъун



**Дагьал церегІан къоязда районалъул администрациялъул конференц-залалда гьелъул нухмалъиялъ ва физическияб культураялъулгун спорталъул Министерствалъ тІобитІана «Спорт против террора»,-абураб ахІиялда гъоркь терроризмалде ва экстремизмалде данде рахъине ахІараб данделъи. Гьенир гІахьаллъана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, мугІрузул округалъул нухмалъулесул зам. ГІ. МухІамаддадаев, РДялъул БетІерасул ва правительствалъул правовияб управлениялъул нухмалъулесул зам. ХІ. Малачиханов, спорталъул Министерствалъул тІоцевесев зам. З. Салаутдинов ва цогидалги жавабиял гІадамал, районалъул спортсменал.**

Совешаниялда кІвар кьуна политика гъорлъ гьечІеб спорталде. Районалъул бетІерас бихьизабуна гьединаб спорт цебетІезабиялде, гІолилазда гьоркьоб гьабулеб бичІчІи кьеялъул хІалтІуде кІвар кьезе кколин.

*(Ахир 2 гьумералда)*

В соответствии с решением Правительственной комиссии по вопросам реализации Федерального Закона от 21 ноября 2011 года № 324 – ФЗ «О бесплатной юридической помощи в РФ» в рамках Всемирного дня ребенка 20 ноября 2015 г. Проводится Всероссийский День правовой помощи детям.
В связи с этой датой в ГБУ РД в МО КЦСОН «Унцукульский район» отделением семьи и семей с детьми проводится мероприятия в рамках Всероссийского Дня правовой помощи детям с 17 по 20 ноября 2015 года. Мероприятия могут включить правовое консультирование семей с детьми, детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, проведение родительских собраний в школах по различным вопросам социальной поддержки, предоставления адресной помощи, прав детей, юридическим аспектам усыновления, опеки и попечительства, в том числе с участием работников органов образования, внутренних дел, здравоохранения, опеки и попечительства, юридических бюро для оказания бесплатной юридической помощи

## *ТIадеги тадбиралги гьарун*

Гьеб суалалдасан заседаниялда кIалъазе вахъана «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул председатель ГI. НурмухIамадов. «Чара гьечIого хIажат буго росабалъ жамагIатазул данделъаби ахIизе мажгитазул имамзабиги, поселениязул депутаталги, чIахIиязул Советалъул члеңалги, машгьурал спортсменалги гIахьал гьарун. Гьединго школазда тIоритIизе кьваригIун руго законалде данде кколарел яргъид гIуцIаразул кьокъабазулъе гIахьаллъи гьабизе, РФялъул гIорхъи бахун къватIире районалъул гIадамал риччангутIиялде руссарал лекциялъулал занятиял»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Заседаниялда кIалъазе рахъараз бихьизабуна гьанжесеб этапалда ИГИЛалъул идеологиялъул ва психологиялъул асаралде данде къеркьеялъе районалъул гIолилазул, общественностиялъул ва диниял организациязул хIаракатчилъи борхизабизе, гIадлу-низам цIунулез ва муниципалиял органаз гьабулеб профилактикияб хIалтIи жигарлъизабизе хIажат бугин.

Заседаниялъул хIасил гьабулаго кьабул гьаруна гьоркьор лъурал суалаздасан данде кколел хIукмаби ва рихьизаруна гьел тIуразариялъе жавабиял гIадамалги.

АТКялъул заседание лъугIун хадуб «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва заседаниялъул гIахьалчагIи дандчIвана росабазул поселениязул бутIрулгун ва лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулелгун. ГIиса МухIамадовичас росабазул поселениязул бутIрузе тIадкъаял кьуна халкъазда гьоркьосеб терроризмалде данде къеркьеялъе, РФялъул нухмалъулез кьабул гьарурал тадбиразул рахъ ккеялъул мурадалда росабазул жамагIатазул данделъаби ахIизе ва халкъазда гьоркьосел террористазул организациязул хIаракатчилъиялъулъ гIахьаллъизе гIорхъи бахун къватIире гIолилал риччазе бегьунгутIиялъул суал гьениб гьоркьоб лъезе.

## ГIолилал битIараб нухда чIезелъун

– Терроризмалде данде къеркьеялъул аслияб рахъалъун букIине ккола спорталъул ва бичIчIи кьеялъул кумекалдалъун гIадамазул гIакълуги ракIалги кверде роси,-ян бихьизабуна кIалъазе вахъарав спорталъул министерствалъул вакил З. Салаутдиновас. –ГIолилал кидаго рукIине ккола спорталъулги тарбия кьеялъулги асаралда гьоркь. Гьедин спорт лъугьине ккола гьезул гIумруялъулъ аслияблъун,-ян бихьизабуна хадубги гьес.

ЛъикIаб кIалъай букIана Болъихъ районалъул физ-культураялъулгун спорталъул отделалъул нач. Г. ДибирмухIамадовасулги. – КIвар бугел масъалаби цере лъезе ккола нилъеца жакъа – сахаб гIумроялъул къагIида билъанхъизабизе ккола гIолеб гIелалда гьоркьоб,-ян абуна гьес. – ГIемер гьабизе ккола гIолеб гIелалъе тарбия щолел тадбирал. «Спорт-против террора»,-абураб ахIи киса-кибего тIибитIизабизе ккола.

Гьединалго кIалъаял рукIана ГI. МухIамаддадаевасул, С. Сайповасул ва цогидазулги.

Ахиралда данделъиялъул хIасил гьабуна ГI. НурмухIамадовас.

# Яризабе ракьалдаса экстремизм-терроризм!

(Районалъул руччабазул форумалдаса)



***19 ноябралда Шамильхъалаялъул культураялъул КIалгIаялда тIобитIана «Руччаби–улбул–терроризм–экстремизмалде данде»,-абураб ахIиялда гьоркь руччабазул форум. Гьениб гIахьаллъи гьабуна РДялъул печаталъул ва информациялъул Министерствалъул министр Азнаур Чингисханович Аджиевас, районалъул бетIер ГIиса МухIамадович НурмухIамадовас, РДялъул демографиялъул ва хъизан-лъималазул ихтияр цIуниялъул рахъалъ вакил Интизар Мамутаеваль, РДялъул АТКялъул рахъалъ республикаялъул бетIерасул вакил Сайпудин Сайповас, РДялъул ФСКНалъул вакил Хасайбат Валиеваль ва районалъул хIалтIулал коллективазул вакилзаби-руччабаз.***

Форум рагьана «Унсоколо район» МОялъул БетIерасул зам. М. ХIасановалъ ва рагIи кьуна А. Аджиевасе. – Жакъа нужгун республикаялъул жавабиял гIадамал дандчIваялъе аслияб гIиллалъун буго экстремистаз-террористаз цIикIкIараб лазатбахъи гьабураб, гьез камиял ккезарураб район букIин, гьединаб ахIвал-хIалалъ руччаби-улбузул бугеб ахIвал-хIал республикаялъул нухмалъиялда бичIчIун букIин,-ян абуна гьес. – Лъидагоялдаса лъикI нужеда лъала экстремизмалъул ва терроризмалъул кьогIлъи, кьварилъи ва сабурлада баччана чанго соназ нужеца гьеб. Бихьулеб букIахъе гьеб лъугIулебго гьечIо, киса-кибго дунялалда байбихьана цоялда хадур цоял гIемерал гIадамал гъурараб бият тIезе, шагьарал риххизаризе. Египеталда самолет кьвагьизабун чIвана нилъер 224 чи, пасалъи тIамун буго Парижалде, гьединал ишал кколел руго дунялалда киса-кирего. Гьединлъидалкиналълъуго кьогIлъи лъарал гIадамал хIисабалда, нужеца, ансадерил руччабаз жакъа нужерго рагIи абизе ккола сверухъ лъугьунелда хурхун. Лъала ахирияб соназда нужеда гьелъ кьаби щвезабураблъи, исламалъул байрахъалда гьоркь ян гIолохъаби гъурараблъи ва гьелъ щияй эбелалъул рекIелъ ругъун лъун букIин. Гьеб кинабго гьабуна ИГИЛ,-абун цIар тараф гьачагъазул жидеего пайдаялъе г1уц1араб г1уц1иялъ ва нилъер Россия бихххизабиялъе гьез кинабго гьабулеб буго. Биччанте лъугIизе ракьалдаса эбелалдаса лъимал ратIа гьарулеб кьварилъи!

Гьединабго магIна гьваридаб ва улбузул бадиб магIу ххулараб кIалъай форумалда гьабуна РДялъул БетIерасда цебе бугеб хъизан-лъимал цIуниялъул уполномоченияй Интизар Мамутаевалъ.

*(Ахир 4 гьумер)*

*Тарих: нужеда лъалеб бице!*

# Иргьани ханлъиялъул къиса

***ГьитIинабго баян: цоцада хадуб ккезабун гьаб къиса лъалев чи гьечIо. Гьединлъидал цере-нахъа ккарал лъугьа бахьинал цоцалъ журан ратизе бегьула. Кин бугониги жакъа Шамильхъалаялда сверухълъиялда хурхараб тарих районалъул гIадамазда лъазелъун газеталда бахъулеб буго. Байбихьи 45-46 номеразда***

***ИРГЬАНИРЕ КIАНЦИ***

ГьаракIунире щун нахъияб къоялъул маркIачIул гIужалда Тимурилал къватIире рахъана ва байбихьана тIарадасан байбихьун росу бухIизе. Лъараг1лъиялде гьоболлъухъ ахIун аразул къисмат лъалез цIа лъуна гьениб. Данде рахъине бихьиналги хутIун рукIинчIо ва гIадамал нахъе къалаго мажгиталда сверухъе руссана, руччаби-лъимал жанире риччана, байбихьана кIварас кIвараб хIалалда ахIичIого рачIарал гъуризе.

Гьеле гьеб мехалъ ГьаракIуниса Рихъуниве гIумро гьабизе вачIарав КIудияв ХIажияс мажгиталда нахъасан бугеб хьитIинисан гIурул рагIалде нух бахъана ансадерил ХинлъимитIе ва гьезул росулъе ахIи базе. Гьедин гьабун лъик1илан херав ХIожоцаги г1акълу кьуна. Гьес гIор ххана ГIинтIи лъарахъе щвезегIан, гьенисан Унсоколе вахараб мехалъ рогьалил какдаса рахъунел ратана ансал ва гьезда бицуна лъугьараб-тараб. АхIуд рахъана хьинлъимитIасел. Гьенисан вачIун Валил ХьарахIумица цере кьотIула кIудияв кьокъа лъарагIазул, данде ккараб цоги къапилаялда абула гьес нужги гьалги рокъоре щвезегIан хъамизе ругилан. ЛъарагIазул цояс чохьолъ къазабураб жо мугъзалъан баккула гьесул. Гьеб мохалда буго гьесул хобги. Абула имам Шамилил рагьазулъ вукIарав ХьарахIумил кIудияв эмен кколин гьев,-абун.

ЧIегIер ХIожода Иргьаналда бугеб цIа бихьулеб букIана, кватIичIого гьеб баккана Даргъи хьалаялдасанги. ЛъарагIалги тIаде кIанцIун бухIулеб букIана гьеб. КватIичIого цIа рекIана Яраш хъалаялда ва ЛекIи-хъалаялдаги, хадуб ирга щола ХIожол бакIалде. Гьесда лъалаан щуго-анлъго батIияб мацI, амма лъарагI мацI лъалароан. ХIожоца рагьда рукIарал лъабабго гIорцIмида кьалал рекъезаруна, чу кьолона. Лъабго гIорцIенги васги ХIожоца кIкIалахъ рахчизаруна. Гьеб ахIвал-хIалалда гьоркьоб тIаде щвана ансал. ЛъарагIал щвараб жоги талавур гьабун дагъал лъутун ана, г1езег1аназда гьениб г1ажал батана.

***ЧIЕГIЕР ХIОЖО, ХIОЖОЛ ХIОЖО ВА ГЬЕЗУЛ СВЕРУХЪ РУКIАРАЛ***

Херав ХIожо гIемер ургъулаан жив хведал лъицадай босила жиндир махщел,-абун. Доб мехалъ вас гьитIинго вукIана, амма гьаридалазул тухумалда вукIана балугълъиялде вахарав вас КъебедмухIамад,-абун. ХIожое гьев цIакъ вокьулаан ва жиндаго аскIов чIезавун вукIунаан. Гьоркьо-гьоркьов рачида нахъа гIодов чIезавулаан КъебедмухIамад, тIамулаан багIарараб махх бухизе. Гьедин малъана гьесда маххул къебелъиялъул кинальго балъголъаби. Херав ХIожое кIудияб кьварилъи букIунаан МатIа абулев чиясул, гьес чанцIулго бихизабуна гьезул къебелъи, рекана гьарурал хунжрул, куц чIварал тIагIелал. Гьеб заманалда рагьалги гьарачилъиги гIемерлъун бугилан Иргьани шагьас ярагъ гьабулеб цIияб мастерская бала ХинлъимитIа бакIалдаса дагьаб тIадегIан СалтIа абулеб бакIалда. Лъабго га гIанисеб рохьги цо га бацIцIадаб ракьги бугеб бакI букIана гьеб. ХIожо заманаялъ гьениве хьвадулаан тIурччи бухIизе, гьесул боцIи-панзги гьениб букIана, махх гьабулеб къанил цIикIкIараб запасги букIана КушматIаялдаса цIикIкIун гьениб. ДихIи махх гуребги ХIожода гьениб батана резги, пахьги хъахIаб гIарацги. Гьедин ХIожоца цIияб мастерская-къебелъиялъе кьучI лъола СалтIа. Гьабула гIурул кумекалдалъун тирхулеб ганчIил чарх, гьелъул цояб рахъалда букIана буцIун цIулал гьабураб моховик ва гIанкIудал хоно гIанисеб маххул магI. Гьеб хIалтIидал ХIожоца абула,-АллагIасе рецц бугин тIокIалъ гьаридалаз кьварилъаби хIехьезе ккеларин. Гьелдасан букIана гьезул квен.

ХIожолги КъебедмухIамадил махщел камиллъулеб букIана, амма цо-цо гьарурал хунжрул цоял тамахго цоял цIакъго кьвакIун кколаан ва гъурулаан. ХIожода гьеб хехго бичIчIана, биараб махх гIодобе чвахулеб бакIалда резги полопги батIа гьабулеб делитель чороклъун, бацун батула гьесда. Гьеб делителалъул я гьаридалазда я маххулазда лъаларoан, гьеб букIана ХIожол махщалил умумазулго букIараб балъголъи.

*(Хадусеб букIине буго)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 47 (7187)*
*20 ноябрь 2015 сон*
*3 гьумер*

# Сахлъи



# Туберкулез

Туберкулез унтуца унтарав чиясул хъизан-агьлу анлъ-анлъ моцIиде хал гьабизе врачасухъе ине ккола гьелъ сахлъун хадуб жеги тIубараб лъагIелалъго. Гьезие швезе ккола туберкулезалда данде чIолеб дараби. Гьединго гьабизе ккола лъимал унтун ругониги.

ЦIияб лъимер гьабун хадуб рокъоб бугеб унтараб лъимер больницаялде ялъуни санаториялде ине ккола кIиго моцIалъ, туберкулезалда данде чIолеб прививка лъимадуе щун хадуб. ТIубан сахлъун вукIин врачас загьир гьабизегIан, унтараб ва тIаде гьабураб лъимадулгун бухьен бук1ине лъикIаб гьечIо.

Туберкулез ккола инфекционнияб гун хроническияб унти. Гьеб унтуца унтарал гIадамаз ва хIайваназ унти цоцахъе кьезе рес буго. Унти сах гьабизе кIола, гьединлъидал, тохтурасул малъа-хъваял тIуразаризе ккола.

***I. Стационарияб сах гьари.***

Унти тIатун хадуб, унтарав туберкулезнияб стационаралда вегизавизе ккола. Гьениб гьесие дару-сабаб гьабизе байбихьула. Гьелъие къваригIуна микьгоялдаса анцIила микьго моцIиде щвезегIан заман. Гьеб бараб букIуна хирургияб кквербагьари гьабизе ккеялда, гьединго дараби заманалда тIадчIун гьекъеялда. Дараби гьекъей гьоркьоб къотIани, хIасил ккей нахъ бахъула ва сахлъичIого хутIизеги рес буго.

***2. Санаторияб лечение***

Ходусеб заманалда туберкулезнияб стационаралдаса риччан хадуб, санаторияб ва курортнияб сах гьари тIобитIула, тIабигIаталъул бечелъаби хIалтIизарун – бакъул чIорал, бацIцIадаб лъим, цIияб гьава, кванил низам, рахIат ва физическияб тренировкаби ва. гь. ц.

***3. Амбулаторияб сах гьари***

Санаториялдаса хадуб унтарал сах гьари халат бахъинабула. Гьелъул заман живго гIадамасда, унтул ахIвал-хIалалда бараб буго. Гьебги унтарас заманалда дараби гьекъеялда бараб буго. Гьес чIезабизе ккола кванил, хIалтIул ва хIухьбахъиялъул низам.

ЛъагIалица кIицIул – лечение лъугIун хадубги, кIиго соналъ унтарасда тIадаб буго дарабазул курс гьабизе.

***Лъазе тIадаб буго***

Туберкулезалъ унтарай чIужугIаданалъул сахлъи загIиплъун букIуна. Цебе унти букIун батани, лъимер гьабиялъул къинлъиялда гьеб къватIибе загьирлъизе рес буго. ЦIакъго кIвар кьезе ккола кинаб ах1вал-х1алалда лъимер гIолеб бугебали. Рокъор туберкулезалъ унтарал ругони, лъимаде бахине рес буго.

***Сундасан байбихьилеб?***



Лъимер цIунизе байбихьизе ккола эбелалъул ургьисаго, гьеб гьабилалде. Анлъго моцIалъ цебе, I4-го сонил ригьалдаса тIаде рахарал киналго рукъалъул гIа-хьалчагIаз гьабизе ккола флюорография. Лъимер гьабизе йигей гIаданги консультациялъе ине ккола врач – фтизиатрасухъе.

***Лъимер гьабурабго!***

Лъимер гьабун лъабго моцI барабго эбелалда тIадаб буго гьелъул гьуърузул флюорография гьабизе. Гьелъулъ туберкулез унти батани, сах гьариялъул заман лъугIизегIан каранзул рахь лъимадуе кьоларо. ЦIигьарурал киналго лъи-малазе лъабго-ункъго къо-ялде роддомалдаго гьабула вакцина БЦЖ, анлъго сонил гIужалда гьеб нахъеги такрар гьабула.

***УнтичIого хутIизе гьабизе тIадаб хIалтIи***

ЛъагIа-лъагIалие тIоцебесеб соналдаса анцIила микьго сонил гIужалде рахинегIан лъезе ккола проба – Манту с 2ТЕ, гьелъул хIасилалда врач-втизиатрасухъе ритIула. I5, I6, I7 сон баразе флюорография гьабуларо.

Манту + батараб лъимерги, гьесул хъизан-агьлуги хал гьабула врач-фтизиатрас ва дару-сабаб малъула. Лъимадуе щвечIого гIоларо къойил пихъал ва овощал. БацIцIадаб гьаваги расандаби-спортги чара гьечIого лъималазе хIажатаблъун ккола.

***Прививкабаздаса инкар гьабуни***

Прививка щвараб лъимадулъ бижун букIуна поствакцинальный иммунитет. Гьединаб лъимер ялъуни гьеб унтуца унтуларо, яги бигьаяб къагIидаялъ унти баччула ва нахъе тIамизе бигьалъула.

БЦЖ прививка щвечIел лъималги унтизе рес буго туберкулезалъ, жеги бищун гьелъул захIматал формабаз (гIададлзул нах, рукьби ва цогидалги органазе заралги гьабун).

Эбел-инсул ихтияр буго прививкабаздаса инкар гьабизе, амма гьезда кIочене бегьуларо туберкулезалъул унти лъималазде хехго ва гIемер бахунеблъи, чIахIияздe данде ккун. Гьединлъидал, сахлъи цIуниялъул идарабаз санайилго лъималазе реакция Манту хал гьабула, гьединго лъимадул унтиялде дандечIеялъул хал гьабула. Киназго акцинация гьабе!

Вакцина БЦЖ – ккола чIагояв туберкулез унти багъаризабулел жал. Гьез унти къаркъалаялъулъ бижизабуларо, амма гьеб унтуда данде къаркъала чIолеб иммунитет бижизабула.

***Вакцина бижиялъул история***

ТIоцебе гьеб вакцина хIадур гьабуна Франциялъул гIалимзабаз, гьелъул цIарги хIадураразул тана – бацилла Кальметта – Герена. I2 соналъ хIадурана гьез гьеб ва къватIибе биччана I92I соналда. 4 сонидасан I925 соналда вакцина битIана Москвалде профессор Л. А. Тарасевичасухъе ва I928 соналда байбихьана цIи гьарурал лъималазе вакцина – БЦЖ гьабизе.

Киназего тIадаблъун вакцина бихьизабуна I950 соналда. I96I соналда 3857 лъугьа-бахьин ккана туберкулез бук1иналъул лъагIалиего, 2009 соналда 22 гурони гьединаб лъугьа-бахьин ва унти дандчIвачIо.

***Вакцинация кин гьабулеб?***

Прививка БЦЖ гьабула род. отделениялда заман щун гьарурал лъикIал лъималазе. ЗагIипал, заман щвечIого гьарурал лъималазе вакцинаялъул бащдаб доза гьабула 2 киллогин бащадалде гьезул цIайи бахунеб мехалъ.

Роддомалда вакцина гьаричIел лъималазе больницаялда ялъуни поликлиникаялда гьабизе ккола.

***Кин вакцинация гьабулеб?***

Туберкулезалде данде чIолеб прививка гьабула лъималазе 2 моцIидаса тIаде арал проба Манту гьабурал лъималазе.

Прививка гьабиладе врач валагьизе ккола. ЦIи гьарурал лъималазе БЦЖ гьабула, хадуб эбелалъулгун гара-чIвари гьабизе ккола.

7 ва I4 сонил гIужалда прививка нахъеги такрар гьабизе ккола.

***Иммунитет лъикI хIалтIани***

Вакцина гьабураб бакIалда ругьун лъугьуна. 4-6 моцIидасан хьалги чанкъги нахъе бортула, I0 мм. кIудияб гьечIеб гIуж хутIула.

Ругьун букIараб бакI хъасизе ва кIвекIизе бегьуларо.

Гьеб ругьнал хиса-баси тIатани, тохтурасухъеги ун, гьесул малъа-хъваял тIуразаризе тIадаб буго.

***Унти дагьлъиялъе хIужа***

ГIадамазе туберкулез- унти хал гьаби цIикIкIуна санайил:
20I3 соналда – 65,8%
20I4 соналда – 66,7%

2014 соналъ 7,5 % дагьлъана 20I3 соналде дандеккун унтарал лъималазул къадар. I5-I7 сонал рараздa гьоркьоб I2,5 проценталь дагьлъана гьеб.

# ГIинтIи

Инсанасул черхалъе хIажатал витаминал гьарзаго рукIуна гIинтIидулъ. Хасго цIикIкIун гьелда гьорлъ букIуна витамин С-500-I00 милиграмм ва гьеб бищун цIикIкIараб ккола цогидал пихъазулъ букIунелдаса.

Цо-цо тайпаязулъ гьеб жеги цIикIкIунги букIуна. ГIаммаб куцалъ босани, гьеб гIинтIидул цIайиялъул 2-4 проценталда бащалъула. Инсанасе сордо-къоялъе хIажалъула 50 миллиграмм С витаминалъул. Гьеб хIажалъи хьезабиялъе гIола I0-I5 грамм бакъвараб гIинтIидул.

ЦIикIкIун С витамин букIуна гIинтIидул хъарахъалъул тIогьисел гIисинал тIанчал хьитIарал ругони. ГIинтIи бечедаб буго гьединго Р, В-2 ва К витаминаздалъунги, гIечул ва лимоналъул цIекIлъабаздалъун, I8 проценталде щвезегIан рукIуна чакаралъул тайпаби, пектинал ва цогидалги черхалъе пайдаял жал. ГIинтIидул пихъалдаса рахъула гIемерал витаминал гьорлъ ругеб лъамалъи. Гьелъ сах гьарула чехь-бакьалъул ругьнал. Гьеб хIалтIизабула цщидал лъим бачIинабиялъе, батIи-батIиял гьороял сах гьариялъеги.

ГIинтIидул лъамалъиялъ цIикIкIинабула рахунел унтабазде данде чорхол иммунитет, лъикIаб асар гьабула ракIалда жо чIунгутIи лъугIизабиялъе, чIезабула би чвахи, сах гьарула бидурихьал.

Тибеталъул медицинаялда гIинтIиялдаса пайда босула туберкулез, бидурихьазул, нервабазул унти сах гьабиялъеги.

Киназдаго лъала гьелъул квачалъул унтабазе дару букIунеблъиги. Гьелъие лъикIаб букIуна хадусеб малъа-хъвай: 5 гьуд гIисин гьабураб бакъвараб гIинтIиялде тIела литр цIорораб лъел. ЦIеда лъун гьализабила I0 минуталъ, цинги тIад тIалъел лъолеб цIарагIалда жаниб тIокIкIине тела 8-I0 сагIаталъ. Гьекъола лъамалъи радалалдаса регизегIан 2-3 сагIаталдасан цо-цо стакан. Гьекъезе бегьула гьеб чай хIалтIизабулеб хIисабалда вареньягун, гьоцIогун, чакаргун. Сахлъизабулеб къуват цIикIкIуна нужеца гIинтIидул дару щибго жо кваначIого хIалтIизабулеб бугони. КIочон тоге гьеб гьекъон хадуб кIал ххулизе, гIинтIидул кислотаялъ хвезабула гIусазул эмаль.

Грипп тIубанго ине гIинтIидул тIокIкIел гьекъезе ккола тIубараб анкьалъго. Кумек гьабула гIинтIиялъ ургьисалаби рацIцIад гьаризеги. Гьелъие цIакъ лъикIал рукIуна гIинтIидул гIолохъанал кьалбал, гьел рахъула ихдал, ялъуни хаслихъе. Чурила, къотIила I см. ругел кескаде, ракьвазарила. 6 столовияб гьуд кьалбазде тIаде тIела 3 стакан гьалараб лъим, гьализабила жеги I5 минуталъ. Гьекъола дару бухIилаго 3 нухалъ кванан хадуб. ГIинтIиялъ ургьисалабаздаса къватIибе бачIинабула сали, лъикIлъула чорхол гIаммаб хIал, лъалаго цIикIкIуна къуват.

ГIинтIидул кьалбаздасаги пайда босула бидул чвахи чIезабиялъе, щиналъул хIалтIи лъикIлъизабиялъе, заралиял микробазул унтудаса черх цIуниялъе. Гьелъго ургьисалабазда рукIунел ганчIалги риинарула. Кьалбазул лъамалъияладаса черх чуриялъеги пайда босула, бохдузул загIиплъи яги паралич ккун бугони, ваналлъубе бухIараб лъелъе гьебги тIун. Гьализабун гIинтIигун гьелъул лъугьараб лъамалъи тIун хинаб лъел ванаялъур регула гьураз лугби ккун ругони.

ГIинтIидул тIамхазул лъамалъиялъулги буго микробазде данде чIолеб ва унти сасинабулеб хасият. Пайда босула чехь-бакьалъул унтаби сах гьариялъеги.

Аптекабазда бичулеб букIуна гIинтIидул хьоналъул бахъараб нах. Гьелда гьоркьобин абуни, гьарзаго букIуна каротин. Гьединаб нах бахун сахлъизабула рухIарал бакIал, ругьнал.

БакIаризе ккола лъикIго баршцараб гIинтIи. Бакъвавазабизе лъикIаб буго бакIарарабго ва хIадур гьабизе ккола пихъ цIоролалде, щайгурелъул, цIороаб пихъил витаминал хола. Бакъвазабилалде цебе гIинтIи чурула, бецIцIизеги тун тIеренаб хъал гьабун рагIдукь гьури чIвалеб бакIалда тIибитIула.

Лъамалъи гьабиялъе кванил гьуд цIураб гIинтIиялде тIола цо литр лъел ва сасараб цIаялда чинидул цIарагIаялъуб гьализабула I0 минуталъ ва сордо-къоялъ тола. Гьелда гьорлъе 4-5 кванил гьуд чакарги бан гьализабуни, сироп лъугьуна.



# Яризабе ракьалдаса экстремизм-терроризм!

- РакI унтулеб буго жакъа жидеего тIалъи къваригIараз гIуцIараб ИГИЛалъ щибго гIайиб гьечIел гIадамал, хасго хIурулгIинзаби гIадинал лъимал гъурулел рукIиналъ,-ян байбихьана гьелъ жиндирго кIалъай. Жакъа кIалъачIого чIолей эбел кинай йикIине кколей?

ЛъугIулебго гьечIо ИГИЛалъул гъачагъаз дунялалъулго халкъалдеа тIад гьабулеб зулмо, россиялъулазе рес гьечIо гьелда данде чIечIого. Нилъеда кIочон гьечIо Бесланалда гъурарал лъимал, Египеталда бортараб самолеталдаги рукIана гьел. Щиб гIайиб гьезда ва руччабазда бугеб? Гьеб гIаданлъи лъугIараб гъачагъазул руссен бухIичIого Россиялъе гIодобе биччараб гIумро букIинехъин гьечIо. Гьединлъидал жакъа щибай эбелалъ абизе ккола хIакъаб рагIи, цIунизе ккола рекъел-парахалъи, хIажат гьечIо нилъее рагъ-кьал. Ракьалдаса тIагIинабизе хIажат буго ИГИЛ, гьелъул зулмаби,-ян лъугIизабуна гьелъ кIалъай.

ИГИЛалъул зулмабазул, наркомания тIибитIизабун Россиялъул гIолилал пасат гьариялъе гьелъул къуватаз бахъулеб бугеб жигаралъул бицун кIалъана Х. Валиеваги.

Гьенибго кIияйго вакилалъ бихьизабуна гьединал балагьал гIадамазде бачунел гъачагъазда гъорлъ нилъер гIадамалги ругин, бищунго гIажаиблъи гьабизе ккараб жо – руччабиги ругин. Кинал руччаби гьел кколел? Жакъа цо бихьинчияс ячани нахъияб къоялъ гьез чIужугIадан цойгиясухъе кьолей йиго. Гьебищ чIужугIадан цIуни, адаб гьаби, яги гIадамазе гIумро кьолей чIужугIаданалда кин кIолеб гьеб бахъизе, чIахIиял ва лъимал гъуризе ине. Щиб нилъее лъугьун бугеб, щай нилъеда бичIчIулареб Аллагьас нилъ сундуе рижун ругелали? Паранжа баялъ кинабго тIубалищ, нилъерго ретIел квешабищ бугеб?

Жакъасеб форум тIобитIи нужер нухмалъиялъул инициатива ккола. Баркала гьезие. Гьанир залалде ракIарун руго нужер бищунго жигарал руччаби. Нужер захIмалъабазул бицун гьел бигьа гьари буго нижерги мурад. ЧIужуг1адан гьимулей йигони улкаялда кинабго лъикI букIуна. Жакъа руччаби гIодулел руго жидерго лъималазда хадур. Гьелдаса квешаб жо щиб бугеб? Яризабизин ракьалдаса экстремизм-терроризм!

Гьеб ахIиялъе жаваб гьабурал кIалъаял гьаруна Унсоколо №2 гьоркьохъеб школалъул вакил М. МухIамадовалъ, районалъул демографиялъул ва руччабазулгун лъималазул хIалтIи гьабиялъул вакил Б. КIудиевалъ, Генуса А. МухIамадовалъ, райадминистрациялъул хIалтIухъан А. ТIагьировалъ ва цогидазги. Гьез бихьизабуна ракьалдаса тIагIинабизе хIажат бугин терроризм-экстремизм. Рагъалъ вас гьавуларин, рекъел щула гьабизе районалъул руччабаз кинабго гьабизе бугин.

Руччабазул форумалдаса разилъанин лъазабуна ахиралда хIасилал гьарурав районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Руччабазул гIумро лъикIлъиялъе, терроризмалъул, экстремизмалъул кьалбал ракъвазариялъе кинабго гьабизе бугилан бихьизабуна гьес.

Форумалда гIахьаллъарал руччабаз Дагъистаналъулго руччабазде хитIаб гьабуна экстремизм-терроризм лъугIизабиялде тIолалго мугIрузул улкаялъул руччаби ахIун.

# Обращение

## участников форума женщин-матерей Унцукульского района ко всем жителям района

Мы, женщины – матери, представляющие Унцукульский район, озабоченные судьбой района и республики со всей ответственностью заявляем, что мы в ответе за судьбы детей и сохранение мира в родном Дагестане. Сегодня, в преддверии Всемирного дня ребенка, мы, женщины и представители общественных организаций Унцукульского района обращаемся к жителям нашего района.

Мы горько скорбим обо всех жертвах бесчеловечных террористических актов. Наши сердца сжимаются от горя и от гнева, когда приходят страшные вести.

Террористы нападают на больницы и школы, взрывают поезда, метро, самолеты, жилые дома, расстреливают мирных людей, берут в заложники женщин и детей!

Эти трагические события перевернули наши сознание. Их нельзя забыть. Совершено зло, которому нет и не будет понимания и прощения. События трагических дней оставят навеки в наших сердцах память о тех, кто был рожден для счастья, для жизни, и у кого эта жизнь была отнята в результате террористических атак.

Терроризм не знает границ, не имеет национальности и вероисповедания. В нем нет ничего человеческого! Мы протестуем против тех, кто подбадривает преступников, кто разжигает ненависть, кто сеет семена зла, кто делает из убийц героев! Остановитесь! Опомнитесь! Ваши ценности лукавы и лживы!

Наше горе не может обернуться нашей слабостью. Наша скорбь не станет нашим страхом. Мы можем и должны противостоять террористам. Наше единство, наше желание жить в мире – это и есть наше оружие против зла. Мы граждане прекрасной многонациональной страны, сильной своими корнями и традициями. Любые действия террористов направлены на разрушение общественных ценностей, которые веками создавались нашими предками.

Мы не дадим разрушить основы нашей жизни, мы должны сделать все, чтобы сохранить единство народов России, мы должны бороться за мирный Дагестан. Каждый из нас несет ответственность за то, каким будет наше будущее.

К большому сожалению, перед нами сегодня пока еще стоит сложнейшая проблема противодействия вовлечению молодежи в ряды международных террористов.

Рост религиозного экстремизма, внедрение чуждой идеологии в наше общество уводят наших детей в никуда.

Участники женского форума считают, что духовно – нравственное воспитание граждан, особенно молодежи, в духе неприятия ими идеологии религиозно – политического экстремизма и терроризма являются важнейшими задачами власти и институтов гражданского общества.

Учитывая чаяния дагестанцев, а также роль женщины – матери, жены, дочери, сестры в семье, мы обращаемся к общественности, религиозным организациям, политическим партиям вести пропагандистскую работу среди населения по воспитанию подрастающего поколения в лучших традициях наших отцов и дедов, находить пути и возможности вести диалог с теми, кто запутался в своих взглядах и суждениях, и направить их на путь истины во имя сохранения дружбы и согласия на родной земле.

Приложите все усилия для того, что бы уберечь своих родных, близких людей от чуждой человеконенавистнической идеологии.

Мы, участники форума «Женщины Унцукульского района против террора и насилия», призываем всех женщин активно включиться в работу по профилактике терроризма и экстремизма в районе, беречь наших детей и объединить наши усилия в борьбе за мирный Дагестан, сохранить и преумножить созидательный опыт во имя процветания молодежи района!

Мы говорим решительное «НЕТ» насилию в любых его проявлениях! Пусть миром правит всепобеждающая сила любви и дружбы!

**Участники форума «Женщины Унцукульского района против террора и насилия».**

# *Къецазда лъикIал хIасилал*

РДялъул Президент Р. ГIабдулатIиповасул проектал гIумроялде рахъинаризелъун гIемерал хIалтIаби гьарула Шамиль-



хъалаялъул гьоркьохъеб школалда. Гьедин гьабиялъ гьеб школалъул цIалдохъабазе рес щвана Дагъистаналда тIоритIулел тадбиразулъ гIахьаллъизе ва гьенир лъикIал хIасилал росизе.

Дагьал церегIан къоязда Болъихъ районалда тIобитIана немцазул фашизмалда тIад бергьенлъи босун 70 сон тIубай кIодо гьабун республикаялъул зоналияб конкурс «Очаг мой-родной Дагестан»,-абураб. Гьениб гIахьаллъи гьабуна анлъго мугIрузул районаз. Конкурсалда гIахьаллъизе рес щвана Шамильхъалаялъул лъималазул творчествалъул Рукъалъул цIалдохъабазеги.

Зоналиял къецазул хIасилал гьарулаго баянлъана «Фольклорный танец» абураб номинациялъе, «Койсу» ансамблялъе тIоцебесеб бакI щвей. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана ГI. ГIабдулаевас, К. Давудовалъ ва С. АхIмадовалъги.

* * *

Болъихъ тIоритIарал зоналиял къецаздаса хадуб Каспийск шагьаралда тIобитIана



лъималазул творческияб Рукъалъул гIахьалчагIазул «Очаг мой - родной Дагестан» абураб финалиял этапал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна I3 Дагъистаналъул районаз. Гьезда гьоркьобги букIана Шамильхъалаялъул творческияб Рукъги. ХIасилал гьарулаго I3 районалда гьоркьоб нилъер лъималаз ккуна лъабабилеб бакI.

Баркула цIалдохъабазда ва гьезул нухмалъулезда щварал бергьенлъаби!

…………………………………………………………

**БИТIИЗАБИ**

**Гьаб соналъул I3 ноябралда къватIибе араб № 46 бугеб «Ахихъан» газеталда бахъараб «Иргьани ханлъиялъул къиса»,-абураб материалалда гъалатI ун буго. Гьелъул тIоцебесеб абзацалъул тIоцебесеб мухъ цIализе ккола XVI гIасруялъул ахирада,-абун.**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 19 . 11. 15 г. 15, 30
фактически -14.10 мин.
……………………………
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.